

Nimewo 5

DEKRÈ EGZEKITIF

KREYASYON EKIP POU RE-ÒGANIZE MEDICAID

ALÒSKE, Eta New York depanse plis pase de (2) fwa mwayèn nasyonal nan Medicaid sou baz pou chak tèt moun, epi depans pou chak moun ki antre nan pwogram nan reprezante dezyèm pi gwo depans nan peyi a;

ALÒSKE, New York klase kòm 21yèm eta nan tout eta yo pou kalite sistèm sante jeneral ak 50yèm eta pou itilizasyon lopital ak depans ki kapab evite;

ALÒSKE, pwogram Medicaid New York ap debat nan yon estrikti administratif ki pa òdone, epi ki

ALÒSKE, sistèm peman Medicaid New York kreye faktè finansye ki souvan dekourajan pou ofri bon swen bon kalite sante ki enpòtan epi ki pa chè;

ALÒSKE, Eta New York gen difikilte finansye grav pou reyalize yon bidjè ekilibre nan Ane Fiskal 2011-12 Eta a.

ALÒSKE, difikilte fiskal Eta New York genyen kounye a egzije pou genyen rediksyon nan bidjè a pou depans Medicaid; epi

ALÒSKE, sa gen yon gwo enpòtans piblik pou Eta a fè yon restriktirasyon debaz nan pwogram Medicaid li a pou fè amelyorasyon ki ka evalye nan rezilta sante yo, kontwòl depans ki dirab ak yon estrikti administratif ki pi efikas;

KOUNYE A, KIDONK, Mwen, **ANDREW M. CUOMO**, Gouvènè Eta New York, akòz otorite Konstitisyon an ak Lwa Eta New York ban mwen, òdone sa ki endike anba la a:

A. Definisyon

Jan tèmsa yo itilize nan dokiman sa a, yo dwe gen siyifikasyon ki endike anba la a:

1. “Ajans Eta” oswa “ajans” dwe vle di nenpòt ajans eta, depatman, fonksyon, konsèy administrasyon, biwo, divizyon, komite, konsèy oswa fonksyon.

2. “Otorite piblik” oswa “otorite” dwe vle di yon otorite piblik oswa sosyete avantaj piblik nenpòt lwa Eta New York kreye oswa ki egziste, avèk youn oswa plizyè manm Gouvènè a deziyen, oswa k ap travay kòm nanm paske yo gen yon fonksyon sivil Eta New York, ki diferan avèk yon otorite entè-eta oswa avèk yon otorite entènasyonal oswa ki diferan avèk yon sosyete piblik, tankou nenpòt filyal otorite piblik la oswa sosyete avantaj piblik la.

3. “Fonksyonè oswa anplwaye Eta” dwe satisfè siyifikasyon yo bay nan Seksyon 73 Lwa konsènan Fonksyonè Piblik yo.

B. Ekip pou Re-òganize Medicaid

1. Dapre seksyon sa a, yo kreye Ekip pou Re-òganize Medicaid (“Ekip”) ki dwe egziste pou ofri oryantasyon ak konsèy pou Gouvènè a.

2. Gouvènè a dwe deziyen jiska 25 manm ki gen dwa pou vote nan Ekip la. Manm Ekip la dwe gen ladan: fonksyonè oswa anplwaye eta a ki gen espètiz enpòtan; de (2) manm Asanble Eta New York, yon manm sou rekòmandasyon Pòtpawòl Asanble a, ak yon manm sou rekòmandasyon Dirijan Minoritè Asanble a; de (2) manm Sena Eta New York, youn sou rekòmandasyon Prezidan Pwovizwa Sena a, epi youn sou rekòmandasyon Dirijan Minoritè Sena a; ak aksyonè ki gen espètiz nan domèn tankou:

- a. fason yo ofri swen sante;
- b. asirans swen sante;
- c. gwoup travay sou swen sante;
- d. ekonomi;
- e. biznis;
- f. dwa konsomatè; epi
- g. lòt domèn enpòtan.

3. Gouvènè a dwe mete moun nan pozisyon vid yo, epitou Gouvènè a ka deziyen lòt manm nan Ekip la ki pa gen dwa pou vote, jan li nesèsè. Manm Ekip la dwe travay selon volonte Gouvènè a.

4. Gouvènè a dwe deziyen yon Prezidan oswa Ko-Prezidan pami manm Ekip la.

5. Gouvènè a dwe deziyen Direktè Medicaid Eta New York kòm Direktè Egzekitif Ekip la.

6. Direktè Bidjè a dwe travay kòm yon manm *otomatik* ki pa gen dwa pou vote nan Ekip la.

7. Yon majorite manm total Ekip la ki te jwenn deziyasyon dwe fòme yon kowòm, epitou tout rekòmandasyon Ekip la dwe jwenn apwobasyon yon majorite kantite total manm li yo.

8. Ekip la dwe fè efò pou angaje ak mande kontribisyon yon gwo kantite gwoup diferan, òganizasyon ak moun.

C. Kolaborasyon avèk Ekip la

1. Chak ajans oswa otorite Eta New York dwe bay Ekip la tout asistans ak kolaborasyon, tankou itilizasyon bilding Eta New York yo, ki ka nesèsè oswa konvnan pou satisfè objektif Dekrè Egzekitif sa a.

2. Ajans yo ak otorite yo ka bay sipò anplwaye yo ki nesèsè pou fè travay Ekip la (sa depannde apwobasyon konsèy administrasyon otorite yo).

D. Fonksyon ak Objektif

1. Ekip la dwe angaje aksyonè pwogram Medicaid yo pou yo kapab fè yon revizyon apwofondi, epitou pou yo kapab fè rekòmandasyon konsènan pwogram Medicaid, ki dwe gen ladan ekonomi nan depans espesifik ak mezi pou amelyorasyon kalite pou re-òganize pwogram Medicaid pou satisfè rediksyon espesifik bidjè a pou depans Medicaid. Revizyon ak rekòmandasyon ekip la dwe abòde zafè tankou men pa sèlman:

- a. pwogram ki egziste nan Eta New York ak toupatou nan peyi a ki te pèmèt gen ekonomi lajan ak amelyorasyon kalite nan Medicaid;
- b. pwogram ki egziste nan Eta New York ki absòbe yon pòsyon inegal lajan Medicaid;

- c. opòtinite nan Lwa federal sou Pwoteksyon Pasyan ak Swen ki pa Chè ki kapab ede ranfòse modèl fiskal ak modèl livrezon swen sante nan pwogram Medicaid Eta New York;
- d. itilizasyon sèvis Medicaid selon volim jeneral, sant sèvis, ak gwoup ki jwenn avantaj;
- e. nouvo modèl livrezon swen sante pou amelyore jesyon swen sante pou moun ki jwenn avantaj yo epi ki gen kondisyon sante konplèks;
- f. règleman ki egziste epi ki pase mòd, ki initil oswa ki jennen modènizasyon pwogram Medicaid;
- g. efò kolaborasyon avèk gouvènman federal la pou amelyore pwoteksyon, depans, ak kalite nan pwogram Medicaid; epi
- h. restriktirasyon posib Medicaid pou jwenn solisyon akoutèm ak chanjman alontèm nan sistèm nan.

2. Avèk enstriksyon Ekip la, Direktè Egzekitif la dwe fè aksyonè yo konnen objektif Ekip la, opòtinite pou patisipasyon aksyonè yo, epitou mwayen ak kalandriye pou patisipasyon an. Yo dwe òganize reyinyon avèk aksyonè yo nan plizyè rejyon Eta New York. Yo ka afekte aksyonè k ap patisipe yo nan gwoup travay espesifik, ki konfòm avèk domèn espètiz ak enterè.

3. Direktè Egzekitif la dwe bay paramèt pou aksyonè yo ak lòt pati enterese yo soumèt pwopozisyon ak rekòmandasyon yo. Apre konsiltasyon avèk Divizyon Bidjè a, Direktè Egzekitif la dwe evalye si yo kapab aplike pwopozisyon yo san pwoblèm, epitou si sa ka fèt, Direktè Egzekitif la dwe evalye si ka gen ekonomi lajan ki fèt.

4. Ekip la dwe kòmanse travay li anvan dat 7 janvyè 2011. Nan dat 1ye mas 2011 oswa anvan dat sa a, Ekip la dwe soumèt premye rapò li ba Gouvènè a sou rezilta ak rekòmandasyon li yo pou konsidere nan pwosesis bidjè a pou Ane Fiskal 2011-12 Eta New York. Ekip la dwe soumèt rapò chak trimès sou revizyon k ap kontinye annapre. Ekip la dwe fè rekòmandasyon final li ba Gouvènè a anvan Ane Fiskal 2011-12 la fini, lè li dwe fini travay li, ak lè yo mete yon pwen final nan responsablite ak fonksyon li yo annapre.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, senkyèm jou mwa janvyè ane
de mil onz.

GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a